

Pwogram Èd Finansyè

Ou bezwen èd pou peye bòdwo w? Nan yon efò pou reponn a bezwen swen sante kominate a, gen asistans finansye ki disponib pou pasyan/moun k ap bay garanti pou pasyan ki pa fin gen tout resous oswa ki san resous pou peye pou sèvis ijan oswa sèvis ki nesesè sou plan medikal ki bay nan yon etablisman Orlando Health.

Fason pou aplike pou asistans finansye

- Pou aplike pou asistans anvan, pandan oswa apre tan w fè nan lopital la, ou ka al kote Konseye Finansye yo ki disponib nan anplasman Biwo Dafè Orlando Health yo nan chak nan etablisman nou yo.
- Anplwaye yo nan sèvis pou bòdwo lopital oswa doktè disponib Lendi – Vandredi, 8:30 am – 4:30 pm, epi w ka jwenn yo pa telefòn oswa pa imel (FinancialAssistance@orlandohealth.com)

Dokiman sipò

Tout dokiman ki mande yo nesesè pou okipe aplikasyon w lan. Kapab gen ladan sa ki annapre la yo, men se pa sa sèlman:

- Aplikasyon Eta Finans Moun ki bay garanti a (GFS, Guarantor Financial Statement Application), epi si sa nesesè fòm taks sou revni federal ki pi resan yo
- Pasyan yo kapab jwenn GFS a ann Angle, Panyòl, Kreyòl Franse ak Pòtigè gratis nan yon anplasman Biwo Dafè Orlando Health oswa sou sit entènèt Orlando Health la: OrlandoHealth.com/FinancialHelp

Fason pou kalifye pou asistans finansye

- Orlando Health pral evalye ki kapasite pasyan an/moun k ap bay garanti pou pasyan an genyen pou peye, epi y ap ofri asistans pou sa ki kalifye yo.
- Pou pran desizyon sou asistans lan, y ap evalye revni anyèl moun ki nan kay la ak gwo sèvis fanmi an parapò Nivo Povrete Federal la (Federal Poverty Level).
- Si yo jwenn ou kalifye, y ap bay sèvis ijan yo oswa sèvis ki nesesè sou plan medikal yo gratis.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:
FinancialAssistance@orlandohealth.com

Pou pasyan yo bay sèvis nan Health Central Hospital, kontakte Biwo Dafè (Business Office) lopital la dirèkteman nan 407.296.1180 oswa ale nan HealthCentral.org.

Swen Sante w gen enpòtans

Orlando Health devwe pou bay swen konplè bon jan kalite ak pou reponn a bezwen swen sante ak bezwen finansye pasyan nou yo.

Kontakte Kontablite Pasyan Orlando Health (Sèvis bòdwo lopital) nan **407.650.3800, gratis nan **800.424.6998** oswa pa imel nan FinancialAssistance@OrlandoHealth.com oswa Biwo Dafè Santral Sèvis Pwofesyonèl (Sèvis bòdwo doktè) nan **321.841.3900**, gratis nan **800.305.8290**.**

Pou mande yon estimasyon pou sèvis yo ou ka rele nimewo gratis nou an nan **844.318.4855.**

Lè biwo yo se Lendi jiska Vandredi, 8:30 am jiska 4:30 pm.

**ORLANDO
HEALTH®**

1414 Kuhl Ave., MP15
Orlando, FL 32806

connect to **health**

OrlandoHealth.com



**Resous Pasyan
pou Finans**

**ORLANDO
HEALTH®**

Orlando Health kontan ofri chwa peman ki gen sekirite epi ki ka adapte pou pasyan nou yo. Objektif nou se fè pwosesis sa senp ak pratik nan tout degre ki posib. Nou ka **ofri asistans anvan, pandan oswa apre sejou w lakay nou.** Gen plizyè fason pou peye bòdwo w pou lopital ak doktè. Pwogram nou yo gen ladan:

Pay Today (Peye Jodi a)

Anplwaye Biwo dafè yo disponib nan tout kote. Nou kontan aksepte lajan kach, chèk, ak pifò gwo kat kredi.

Online Bill Pay (Peye Bòdwo sou Entènèt)

Online Bill Pay se yon fason fasil ak an sekirite pou wè, enprime, telechaje ak peye bòdwo w. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan [OrlandoHealth.com/BillPay](#).

Quick Pay (Peman Rapid)

Orlando Health Quick Pay se yon fason senp ak an sekirite pou peye bòdwo w sou entènèt pou lopital ak doktè. Sèvi avèk yon kat kredi (Visa, MasterCard, Amex oswa Discover) pou fè yon peman menm kote a. *Pa janm gen frè pou fè yon peman, epi sit entènèt nou an ki gen sekirite pwoteje enfòmasyon ki sou kont kat kredi w.*

Etap yo pou Quick Pay

- Ale nan [OrlandoHealth.com/Billpay](#)
- Chwazi Quick Pay, apresa Pay Here (Peye la a), epi ranpli espas ki nesesè yo
- W ap bezwen enfòmasyon sa yo ki nan bòdwo w ap peye a:
 - Kikote (Location)
 - Nimewo Kont oswa Bòdwo (Account/Invoice Number)
 - Non Kont lan (Account Name)
- Chwazi Click-to-Pay (Klike-pou-Peye) epi nou pral travay otomatikman sou peman ou an epi afiche li

Kesyon yo Poze Souvan

- **Èske m ka sèvi ak Quick Pay pou gade bòdwo m?**
Non, ou pa ka gade bòdwo w ak Quick Pay. Nou bay sekirite enfòmasyon w anpil enpòtans. Pou w anmezi wè bòdwo w, w ap oblige kreye yon login nan [OrlandoHealthBiz.com](#).

- **Èske m ka peye bòdwo doktè m tou?**
Wi, si doktè a anplwaye nan Orlando Health.

- **Èske m ka fè etadkont an papye sispann vini nan lèt mwen?**

Wi, lè w konekte nan [OrlandoHealthBiz.com](#) ou ka chwazi èske w vle yo voye pou ou rapèl pou randevou w, lèt oswa etadkont ou elektwonikman oswa pa lapòs.



- **Èske li san danje pou sèvi avèk sèvis sa a pou peye bòdwo sou entènèt?**

Wi, nou pran angajman pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou. Kèlkanswa lè w ap gade bòdwo oswa w ap peye yo, w ap itilize yon koneksyon ki an sekirite ki pwoteje enfòmasyon w nèt. (Pou jwenn detay sou prensip nou konsènan pwoteksyon enfòmasyon prive, klike sou lyen sit entènèt Quick Pay la.)

Plan Peman San Enterè

Ou bezwen asistans avèk bòdwo swen sante w? Orlando Health kontan ofri w chwa peman ClearBalance® ki adapte pou bezwen pasyan ak plan otomatik pa mwa.

ClearBalance®

Orlando Health ap ofri kounye a yon pwogram prè san enterè ki rele ClearBalance®, ki bay pasyan yo yon chwa nan mezi pòch yo pou peye depans ki soti nan pòch yo sou yon peryòd pi long.

Ti peman chak mwa

- San enterè
- Pa gen frè anyèl ni penalite poutèt ou fin peye anvan lè
- ClearBalance® pa gen efè sou kredi w
- Li fasil pou fè yon peman – 24 sou 24, sèt jou sou sèt
- Peye avèk chèk, kat debi oswa kat kredi, pa lapòs, nan telefòn oswa sou entènèt nan [MyClearBalance.com](#)

Nou rann li senp

- Kalifikasyon fasil epi pa gen aplikasyon alekri
- Nou mete bòdwo w ansanm nan yon sèl etadkont mansyèl, ki fasil pou konprann

Nou ofri chwa peman ki gen sekirite epi ki ka adapte



- Kenbe bòdwo medikal fanmi an senp – li fasil pou ajoute balans mari oswa madanm ou ak depandan w dwe
- Ou gen yon kesyon sou etadkont ou? Ekip sèvis kliyan ClearBalance® lan ki pale plizyè lang, ki adapte pou pasyan chita la pou sèvi w

Eksperyans ou viv la gen enpòtans

Orlando Health ak ClearBalance® pran angajman pou trete w ak onètete, ak konpasyon e san patipri. Nou fè li fasil pou ou pou w "peye balans finans ou."

Peman mansyèl otomatik

Ou enterese nan yon plan peman otomatik? Nou ofri aranjman peman mansyèl pou jiska 24 mwa.

- 24 peman egalego chak mwa, san-enterè
- Mande yon peman minimòm \$25 oswa 1/24yèm balans lan, selon sa ki pi gwo a